



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 10 jiyè 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ANKÈT NAN PRIM ASIRANS KI PA PEYE YO REVELE GEN PLIS PASE \$1 MILYA POU KLIYAN NAN TOUT PEYI A AK PLIS PASE \$386 MILYON POU NOUYÒKÈ

Yo Mande Kliyan Itilize www.NYPolicyFinder.com pou Gade Si Yo gen Dwa pou Yo Resevwa Prim ki pa Peye

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Administrasyon li an te pibliye yon rapò final sou ankèt Depatman Sèvis Finans (DFS) lan nan prim asirans ki pa peye pou kliyan nan konpayi asirans-vi. Rapò a te montre ankèt la te rekipere plis pase \$1,1 milya nan prim asirans-vi ki pa peye pou kliyan nan tout nasyon an, san bliye \$386 milyon pou Nouyòkè. Jiska jounen jodi a, vèsman lajan asirans-vi alaswit ankèt sa te fèt bay plis pase 100.000 kliyan nan tout nasyon an, san bliye plis pase 25.000 Nouyòkè.

“Alaswit ankèt agresif sa, nou te rekipere plizyè santèn milyon dola nan prim asirans-vi pou plizyè milye fanmi nan tout nasyon an – san bliye plis pase 25.000 Nouyòkè,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nan ka sa, nou pral kontinye ak efò sa yo pou garanti kliyan resevwa tout kòb yo gen dwa resevwa yo.”

Benjamin M. Lawsky, Sipè Entandan Sèvis Finans te di konsa, “Envestigasyon nou an te revele yon total tèt chaje ki depase \$1 milya dola nan prim asirans vi ki pa peye eki te rete chita nan liv konpayi asirans nasyon nou an. Sektè asirans lan te byen aji lè li te pote kontribisyon li epi travay ak nou pou regle pwoblèm grav sa.”

Ankèt DFS la te jwenn anpil konpayi asirans te resevwa yon lis dènnye ka lanmò yo regilyèman ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal la, men yo pa t gen obligasyon pou itilize lis la, epi poutèt sa, yo pa t itilize lis la pou detèmine si yon moun ki te gen kontra asirans lan te mouri. Sa vle di si yon manm fanmi te pa t konnen te gen yon kontra asirans-vi, oswa senpleman si manm fanmi an te bliye fè yon reklamasyon nan konpayi asirans lan, yo pa t peye kontra a. Kidonk, anpil dizèn milye fanmi pa t resevwa prim asirans-vi yo te gen dwa pou yo resevwa.

Anmenmtan, ankèt la te jwenn konpayi asirans yo te souvan itilize lis dènnye ka lanmò yo pou verifye sitiyasyon moun k ap resevwa chèk anwite, epi, lè yo te verifye yon ka lanmò, konpayi asirans lan te sispann peman anwite a.

Haitian Creole

Alaswit ankèt li a, DFS te mande konpayi asiran pou yo itilize Fichye Mastè Lanmò Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini pou mennen ankèt sou kontra yo lè pa gen reklamasyon ki fèt pou yo, epitou pou jwenn benefisyè ki kalifye pou prim yo, men ki pa fè reklamasyon yo. New York se te premye eta ki te mande verifikasyon kontra epi li te pibliye yon règleman pou egzije aksyon sa alavni. Nan mwa desanm 2012, Gouvènè Cuomo te vote yon nouvo lwa ki te rann rechèch dosye yo pèmanan pou chèche konnen lè yon asire mouri epi chèche benefisyè yo pou ka peye yo prim asirans vi yo.

Plis pase \$1,1milya nan rekouvremant jiska jounen jodi a gen ladan yo vèsman plis pase \$812 milyon bay 113.559 kliyan ak \$339 milyon fon yo idantifye pou “Dezerans.” Peman ki nan dezerans reprezante sityasyon kote yo pa ka jwenn benefisyè oubyen eritye yo touswit. Lajan ki pa reklame yo transfere bay eta a pou sekirize yo jiskaske eritye yo vin reklame fon yo. Nan New York, \$386 milyon yo nan rekouvremant gen ladan plis pase \$241 milyon nan peman dirèk bay 25.843 kliyan ak \$145 milyon nan fon ki idantifye dezerans

Alaswit ankèt sa, Administrasyon Cuomo a te lanse yon Zouti Rechèch Polis ki Pèdi (Lost Policy Finder) sou entènèt, www.NYPolicyFinder.com, ki te devlope nan yon patenarya ak sektè asirans lan, pou ede Nouyòkè jwenn polis asirans ki pèdi ouben mal plase ak kontra rant.

Sipèentandan Lawsky te di konsa, “Nou kontinye mande kliyan pou tyeke sitwèb nou an sou www.NYPolicyFinder.com pou wè si yo gen dwa pou resevwa lajan ki pa peye. Fanmi w ka petèt sou lis pou yo resevwa peman asirans vi konsiderab epi yo pa menm konn sa.. Nou vle asire nou fè tout bagay nou kapab pou pèmèt kliyan resevwa prim ki pa peye mwen yo gen dwa pou resevwa.”

Peman resan bay benefisyè New York gen ladan:

- \$171.177 pou yon moun Staten Island yo idantifye kòm benefisyè a sou yon polis ki te pou yon moun ki mouri nan lane 2001;
- \$99.931 pou yon moun nan Bayside, Long Island ki te benefisyè yon rantye ki te mouri nan lane 2008;
- \$406.598 pou yon benefisyè Queens, New York sou yon kontra asirans endividyèl kote moun ki te gen asirans lan te mouri nan lane 2003.
- \$97.847 pou yon benefisyè nan Vil LeRoy nan Konte Genesee ki te idantifye nan rant yon moun ki te mouri nan lane 2009.

Pou wè yon kopi rapò a sou ankèt sa, ale sou:

<http://www.governor.ny.gov/assets/documents/finalunclaimedlifeinsurancebenefitsinvestigationreport.pdf>.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418